# XIII. DEMOGRAFIYA

## Turaqlı xalıq sanı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1-aprel jağdayına 1955,7 mıń adamdı qurap, 2022-jıl basınan 7,2 mıń adamğa yaki 0,4 % ke ósti. Sonday-aq, qala xalqınıń sanı 958,2 mıń adamdı (jámi xalıqiniń sanındağı úlesi 49,0 %), awıl xalıq sanı 997,5 mıń adamdı (51,0 %) quraydı.

**Itibar beriń:**
**2022-jıl yanvar-mart aylarında**

-Xalıq sanı **7,2 mıń adamğa** kóbeydi.

-Tiri tuwılğanlar sanı **9,7 mıń adamdı** quradı.

-Qaytıs bolğanlar sanı **2,3** mıń adamdı quradı.

-Nekeler sanı **4,2** mıńdı quradı

Ajırasqanlar sanı **0,6** mıńdı quradı

**2022-jıldıń Yanvar-mart aylarında**

Jıl basına turaqlı xalıq sanı **1 948 488 adam** (2022-jıl 1-yanvar jağdayına)

\+

Tiri tuwılğanlar sanı **9680 bala** – Qaytıs bolğanlar sanı **2319 adam** = Tábiyiy ósim **7361** adam

\+

Kóship kelgenler sanı **2439 adam** – Kóship ketkenler sanı **2594 adam** = Mexanikalıq ósiw (kemeyiw) **-155 adam**

=

Turaqlı xalıq sanı **1 955 694 adam** (2022-jıl 1-aprel jağdayına)

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı[1)]**
*(2022- jıldıń 1- aprel jağdayına mıń adam)*

| | Jámi xalıq sanı | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | qala xalqı | awıl xalqı |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1955,7** | **958,2** | **997,5** |
| Nókis q. | 330,7 | 330,7 | - |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 205,6 | 53,3 | 152,3 |
| Beruniy | 198,2 | 70,1 | 128,1 |
| Bozataw | 21,9 | 5,5 | 16,4 |
| Qanlıkól | 52,6 | 13,2 | 39,4 |
| Qaraózek | 53,7 | 16,3 | 37,4 |
| Kegeyli | 73,8 | 29,8 | 44,0 |
| Qońırat | 133,2 | 84,2 | 49,0 |
| Moynaq | 33,1 | 14,7 | 18,4 |
| Nókis | 52,1 | 10,6 | 41,5 |
| Taqıyatas | 75,8 | 54,3 | 21,5 |
| Taxtakópir | 40,7 | 17,1 | 23,6 |
| Tórtkúl | 221,7 | 84,2 | 137,5 |
| Xojeli | 126,0 | 80,4 | 45,6 |
| Shımbay | 114,2 | 58,5 | 55,7 |
| Shomanay | 57,2 | 15,0 | 42,2 |
| Ellikqala | 165,2 | 20,3 | 144,9 |

[1)] *dáslepki mağlıwmat*

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı**
*(1-aprel jaǵdayına mıń adam)*

| | *2021 j.* | *2022 j.* | *Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti %* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1927,6** | **1955,7** | **101,5** |
| Nókis q. | 325,0 | 330,7 | 101,8 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 201,9 | 205,6 | 101,8 |
| Beruniy | 195,0 | 198,2 | 101,6 |
| Bozataw | 21,8 | 21,9 | 100,5 |
| Qaraózek | 53,2 | 53,7 | 100,9 |
| Kegeyli | 73,2 | 73,8 | 100,8 |
| Qońırat | 131,7 | 133,2 | 101,1 |
| Qanlıkól | 51,8 | 52,6 | 101,5 |
| Moynaq | 32,5 | 33,1 | 101,8 |
| Nókis | 51,2 | 52,1 | 101,8 |
| Taqıyatas | 74,8 | 75,8 | 101,3 |
| Taxtakópir | 40,4 | 40,7 | 100,7 |
| Tórtkúl | 218,3 | 221,7 | 101,6 |
| Xojeli | 124,4 | 126,0 | 101,3 |
| Shımbay | 113,3 | 114,2 | 100,8 |
| Shomanay | 56,6 | 57,2 | 101,1 |
| Ellikqala | 162,5 | 165,2 | 101,7 |

**Yanvar-mart aylarında xalıqtıń tábiyiy háreketi**

| | *adam* | | | *hár 1000 adamǵa salıstırǵanda promille* | |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2021 j.* | *2022 j.*[1)] | *ósiwi, azayıwı* | *2021 j.* | *2022 j.*[1)] |
| Tuwılǵanlar | 7 983 | 9 680 | 1 697 | 16,8 | 20,1 |
| Qaytıs bolǵanlar | 2 078 | 2 319 | 241 | 4,4 | 4,8 |
| 1 jasqa shekemgi balalar ólimi | 138 | 153 | 15 | 14,3 | 15,0 |
| Tábiyiy ósim | 5 905 | 7 361 | 1 456 | 12,4 | 15,3 |
| Dúzilgen nekeler | 4 242 | 4 155 | -87 | 8,9 | 8,6 |
| Ajırasqanlar | 317 | 554 | 237 | 0,7 | 1,2 |

**Tuwılıw dárejesi.** 2022-jıl yanvar-mart aylarında tuwılǵanlar sanı 9680 adamdı quradı hám 2021-jıldıń usı dáwirine (7983 adam) salıstırǵanda 1697 adamǵa yamasa 21,3 procentke kóbeydi. Tuwılıw koefficienti sáykes túrde 20,1 promilleni quradı hám 2021-jıldıń usı dáwirine (16,8 promille) salıstırǵanda 3,3 promillege kóbeydi.

**Xalıqtıń tábiyiy háreketi koefficientleri**
*(yanvar-mart aylarında) (1000 xalıq sanına salıstırǵanda, promille)*




Tuwılıw dárejesiniń kóbeyiwi respublikanıń barlıq aymaqlarında gúzetildi. Bul kórsetkishtiń joqarı dárejesi Nókis qalasında 15,7 ten 21,7 promillege, Beruniyda 17,1 den 21,9 promillege, Taqıyatasta 15,1 den 19,6 promillege hám Bozatawda 14,7 ten 19,1 promillege kóbeyiwi gúzetildi.

[1)] *dáslepki maǵlıwmat*

**Tuwılıw.** 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında 9,7 mıń bala tuwılǵanlıǵı dizimge alınǵan bolıp, (bul jerde hám bunnan keyin tuwılǵanlarǵa tek tiri tuwılǵanlar esapqa alınǵan) salıstırma jaǵdayda 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti 20,1 promilleni quradı hámde 2021-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 3,3 promillege kóbeygenligi (2021-jıldıń yanvar-mart aylarında 16,8 promille bolǵan) baqlandı.

**Maǵlıwmat ushın**

Tiri tuwılǵanlardan (dem alıw, júrek urıwı, kindik pulsaciyası, múskúllerdiń qalewsiz qısqarıwı) biri bar bolsa bala tiri tuwılg'an esaplanadı. Bunda ananıń hámledarlıq múddeti 22 hápte hám onnan artıq, balanıń boyı 25 sm hám onnan artıq, salmaǵı 500 gramm hám onnan artıq bolıwı lazım.

**Qala hám rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koefficienti**
(2022-jıldıń yanvar-mart aylarında)




**Ólimshilik dárejesi.** 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında qaytıs bolǵanlar sanı 2319 adamdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine (2078 adam) salıstırǵanda 241 adamǵa yaki 11,6 procentke kóbeydi. Ólim koefficienti 4,8 promilleni quradı (2021-jıldıń yanvar-mart aylarında – 4,4 promille).

**2022-jıldıń yanvar-mart aylarında ólimshilik sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlar sanı**
*(jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda procentte)*




**Ólimshilik koefficientleri**




Qaytıs bolǵanlıq koefficientleriniń kóbeyiwi Beruniy rayonında (4,4 ten 5,7 promillege), Kegeylide (4,2 den 5,4 promillege), Tórtkúlde (4,2 den 5,2 promillege) hám Ámiwdárya (3,9 dan 4,6 promillege) rayonlarında gúzetildi.



**Neke.** 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organları tárepinen 4,2 mıń neke dizimge alındı saykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficenti 8,6 promilleni quradı.



**Qala hám rayonlar kesiminde neke dúzgenler sanı hám koefficienti**
*(2022-jıldıń yanvar-mart jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)*




**Ajırasıwlar.** 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organları tárepinen 0,6 mıń nekeden ajırasqanlar dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasqanlıq koefficienti 1,2 promilleni quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde nekeden ajırasqanlar sanı hám koefficienti**
*(2022-jıl yanvar-mart jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*




**Nekeler hám ajırasıwlar.** 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organlarında 4155 nekeler hám 554 ajırasıwlar dizimge alındı. 1000 xalıqqa salıstırǵanda 8,6 neke (2021-jıldıń sáykes dáwirinde 8,9) hám 1,2 ajırasıwlar (2021-jıldıń tiyisli dáwirinde – 0,7) tuwrı keledi.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasqanlar sanı**
*(yanvar-mart aylarında, birlik)*

| | *Dúzilgen nekeler* | | *Nekeden ajırasqanlar* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2021 j.* | *2022 j.* | *2021 j.* | *2022 j* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **4242** | **4155** | **317** | **554** |
| Nókis q. | 788 | 630 | 56 | 132 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 468 | 516 | 33 | 52 |
| Beruniy | 369 | 500 | 24 | 47 |
| Bozataw | 52 | 45 | 2 | 3 |
| Qanlıkól | 124 | 75 | 7 | 11 |
| Qaraózek | 104 | 120 | 6 | 21 |
| Kegeyli | 207 | 160 | 15 | 21 |
| Qońırat | 329 | 295 | 29 | 36 |
| Moynaq | 50 | 59 | 0 | 11 |
| Nókis | 140 | 136 | 11 | 14 |
| Taqıyatas | 123 | 141 | 7 | 11 |
| Taxtakópir | 86 | 65 | 6 | 19 |
| Tórtkúl | 455 | 427 | 38 | 42 |
| Xojeli | 255 | 269 | 27 | 35 |
| Shımbay | 238 | 236 | 19 | 35 |
| Shomanay | 94 | 97 | 12 | 14 |
| Ellikqala | 360 | 384 | 25 | 50 |

**Migraciya (Ishki hám sırtqı).** Dáslepki maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında Respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 2439 adam usı dáwirde kóship ketkenler sanı 2594 adamdı quradı.

**Xalıq migraciyası (adam)**

| | 2021-jıl yanvar-mart | 2022-jıl yanvar- mart |
|---|---|---|
| Kóship kelgenler | 4751 | 2439 |
| Kóship ketkenler | 6833 | 2594 |
| Migraciya saldosı | -2082 | -155 |

2022-jıldıń yanvar-mart aylarında migraciya saldosı minus 155 adam (2021-jıldıń usı dáwirinde minus 2082 adam)ǵa teń boldı. Eń joqarı minus qaldıqları Shımbay (minus 140 adam), Kegeyli (minus 54 adam) hám Qaraózek (minus 53 adam) rayonlarında gúzetildi.





# Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday.



Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1-aprel jaǵdayına 330,7 mıń adamdı quraǵan bolsa, jıl basınan 1,7 mıń adamǵa yaki 0,5 % ke ósken.

**Nókis qalası xalqınıń tábiyiy háreketi**

*(1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

| 2021-jıl yanvar-mart aylarında | | 2022-jıl yanvar-mart aylarında |
|---|---|---|
| **Tuwılıw** | | |
| 15,7 |  | 21,7 |

2022-jıldıń yanvar-mart aylarında 1,8 mıń bala tuwılǵan bolıp, usı dáwirge sáykes tuwılıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 21,7 promilleni quraǵan (2021-jıldıń usı dáwirine 15,7 promille bolǵan).

PXAJ organlarında 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında 630 neke hám 132 nekeden ajırasıwlar baqlandı.

1000 halıqqa salıstırǵanda neke duziw koefficienti 7,7 promilleni qurap, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,2 promillege kemeydi (2021-jıldıń sáykes dáwirinde 9,9 promille bolǵan).

Nekeden ajırasıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 1,6 promilleni quraǵan bolsa, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,9 promillege kóbeydi. 2021-jıldıń sáykes dáwirinde 0,7 promille bolǵan.

**Nókis qalasında dúzilgen neke hám ajırasıwlar**

*(yanvar-mart jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

